

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan boga udagan pikeun mikanyaho jeung ngainvén tarisasi kandaga kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh. Sabada dilakukeun panalungtikan, anu satulunya nyaéta analisis data dumasar kana tiori anu digunakeun. Analisisna ngawengku kandaga kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM), ciri pangbéda basa Sunda dialék Majalengka (BSDM) jeung basa Sunda lulugu (BSL), sarta dialéktométri jeung pemetaan dialék kecap-kecap basa Sunda dialék Majalengka (BSDM).

Kahiji, hasil panalungtikan manggihan 338 kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh tina 421 kecap basa Sunda lulugu anu diujikeun ka informan. Panalungtikan dilakukeun di lima desa kalawan jumlah informan 30 urang. Kecap-kecap anu kapanggih dumasar kana papasingan kandaga kecap anu ilahar digunakeun dina kahirupan sapopoé. Aya sababaraha kecap anu jadi has dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh lantaran ngan ukur dipikawanoh jeung digunakeun di wewengkon Majalengka hususna ku masarakat di Kacamatan Rajagaluh. Lian ti éta, aya ogé sababaraha kecap anu sarua jeung basa Sunda lulugu tapi boga harti anu bédá.

Kadua, basa Sunda dialék Majalengka di kacamatan Rajagaluh boga ciri pikeun ngabédakeun jeung basa Sunda lulugu. Dumasar kana ciri pangbéda basa Sunda dialék Majalengka jeung basa Sunda lulugu manggihan 29 kecap basa Sunda dialék Majalengka anu kaasup kana bédá fonétik anu ngawengku bédá vokal 10 kecap jeung bédá konsonan 19 kecap; 272 kecap kaasup kana bédá semantik anu ngawengku homonimi dua kecap jeung sinonimi 270 kecap; 17 kecap kaasup kana bédá onomasiologis; 14 kecap kaasup kana bédá semasiologis; jeung 10 kecap kaasup kana bédá morfologis.

Katilu, hasil perséntase itungan dialéktométri ngahasilkeun bédédaan antara basa Sunda dialék Majalengka jeung basa Sunda lulugu nyaéta 47,98%. Hartina, basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh kaasup kana klasifikasi

béda subdialék jeung basa Sunda lulugu. Tina 338 kecap basa Sunda dialék Majalengka di Kacamatan Rajagaluh, dipetakeun dina 202 pemetaan dialék.

1.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan aya sababaraha implikasi, di antarana.

- a. Bisa nyadarkeun masarakat yén dialék téh penting lantaran sarua pada-pada kabeunharan basa Sunda anu aya di Jawa Barat.
- b. Bisa nyadarkeun masarakat pikeun maké deui basa dialék sangkan henteu kasilih ku basa deungeun.
- c. Bisa numuwuhkeun sikep masarakat sangkan leuwih alus deui kana dialék.

1.3 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan jeung implikasi, aya sababaraha rékoméndasi anu patali jeung ieu panalungtikan, di antarana.

- a. Dipiharep ayana panalungtikan séjén anu nalungtik basa Sunda hususna dina widang dialék di Kabupaten Majalengka kalawan daerah panalungtikan anu leuwih lega.
- b. Dipiharep ogé aya anu nuluykeun ieu panalungtikan leuwih nyosok jero kalawan daptar pananya anu leuwih euyeub jeung informan anu leuwih loba sangkan bisa kapanggih deui kecap-kecap séjén anu teu kapaluruh dina ieu panalungtikan.